O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA

ARNAWLİ BİLİM MİNİSTRLİGİ

QARAQALPAQ MAMLEKETLİK UNİVERSİTETİ

TARİX HA’M HUQIQ FAKULTETİ

YuRİSPRUDENTsİYa qa’NİGELİGİ

# *KURS JUMISI*

**JINAYAT NIZAMININ’ HA’REKET ETIW SHEGARASI.**

Ornıla2ın Aybullaev J

No’кis-2014

**Jinayat nizaminin’ ha’reket etiw shegarasi.**

**Reje:**


**Kirisiw.**

**I Bap. Jiinayat niizami tu’sinigi ha’m  jinayat nizaminin’ normalari.**

**1.1.** Jiinayat niizami tu’sinigi ha’m mazmuni.

**1.2.**  O’zbekstan Respublikasi  jinayat nizami  normalarinin’ du’zilisi.

**II Bap. Jinayat nizaminin’ ha’reket etiw shegarasi.**

**2.1.** Jinayat nizaminin’ aymaq boyinsha ha’reket etiwi.

**2.2.** Jinayat nizaminin’ waqit boyinsha ha’reket etiwi.

**Juwmaqlaw.**

**Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi.**

## Kirisiw

**Kurs jum?s?n?n' aktuall?g'?.** G'a'rezsizlikke eriskennen keyin xuq?q?y-demokratiyal?q ma'mleket h'a'm puqaral?q ja'miyetti qa'liplestiriwde sud-xuq?q reformalar?n a'melge as?r?wg'a ayr?qsha itibar berilmekte. Prezidentimiz İ.A.Karimovt?n' O'zbekstan Respublikas? Oliy Ma'jlisi N?zamsh?l?q Palatas? h'a'm Senat?n?n' 2010-j?l 12-noyabrdegi qospa ma'jlisinde «Ma'mleketimizde demokratiyal?q reformalard? ja'ne de teren'lestiriw h'a'm puqaral?q ja'miyetti rawajland?r?w kontseptsiyas?» atamas?ndag'? bayanat?nda g'a'rezsizlik j?llar?nda puqaralard?n' h'uq?q h'a'm erkinliklerin ta'miyinlew, qorg'aw boy?nsha a'melge as?r?lg'an reformalard?n' a'h'miyeti h'a'm olard?n' na'tiyjeleri an?q ko'rsetip berildi[1].

O'zbekistan Respublikasinin' jinayat nizami – ma'mleketlik ha'kimiyattin' joqari uyiminin' jinayiy juwapkershiliktin' uliwma tiykarlarin belgileytug'in, ayirim tu'rdegi jinayatlar ha'm olardi islegen shaxslarg'a qollanilatug'in jazalardi na'zerde tutatug'in huqiqiy normalar jiynag'inan ibarat bolg'an huqiqiy akt tu'siniledi. Jinayat nizami mazmuni jag'inan qanday da bir ha'reketti (misali tonawshiliqti) qadag'an etedi yamasa qanday da bir ha'reketti islewge ma'jbu'rleydi. O'zbekistan Respublikasi jinayat nizami xaliq araliq huqiqtin' uliwma ta'n alg'an normalarina tiykarlanadi. Sonin' menen birge O'zbekistan Respublikasi Konstitutsiyasinda xaliq araliq huqiqtin' uliwma ta'n aling'an printsipleri ma'mlekettin' ishki nizamshilig'ina u'stin ekenligin ta'n alinadi.

Jinayat nizaminin' tiykarg'i waziypasi shaxsti, onin' huqiqlari menen erkinliklerin, ja'miyettin' ha'm ma'mlekettin' ma'plerin, mu'lkti, ta'biyiy ortaliqti, tinishliqti, insaniyattin' qa'wipsizligin jinayiy qol qatiwlardan qorg'aw bolip tabiladi. Jinayat nizami bul waziypalardi a'melge asiriw ushin onda juwapkershilik tiykarlarin ha'm printsipleri bekkemlengen ha'm qaysi ja'miyetlik qa'wipli qilmis jinayat ekenligi belgilengen.

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де теренлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». - Халқ сўзи. 13-ноябрь. 2010 жыл.

O’zbekistan Respublikas? n?zam h’u’jjetlerinde j?hayat n?zam?n?n’ h’a’reket etiw shegaras? ma’selesinin’ qay da’rejede sa’wlelengenligi h’a’m bul normalard?n’ shet el ma’mleketleri n?zam h’u’jjetlerinde belgilengen normalar?han parql? (unaml? h’a’m unams?z) ta’replerin an?qlaw, h’al?q-aral?q h’uq?q normalar?n?n’ implementatsiya q?l?w, milliy n?zamsh?l?q sistemas?n ja’ne de jetilistiriw zaru’rligi s?yaql? ma’seleler teman?n’ aktuall?g’?han derek beredi.

**Kurs jum?s?n?n’ maqseti** j?hayat n?zam?n?n’ h’a’reket etiw shegaras? tusinigin ash?p beriw, aymaq h’a’m waq?t boy?nsha h’a’reket etiw par?qlar?n ash?p ko’rsetiwden ibarat.

Jum?st?n’ maqsetinen kelip sh?g’?p to’mendegi **waz?ypalar** belgilendi:

1. J?hayat n?zam?n?n’ aymaq boy?nsha h’a’rket etiw ma’selesin ko’rip sh?g’?w;

2. J?hayat n?zam?n?n’ waq?t boy?nsha h’a’rket etiw ma’selesin ko’rip sh?g’?w;

3. J?hayat n?zam?n?n’ h’a’reket etiwin ta’rtipke sal?wsh? h’uq?q normalar?n uyreniw.

**Kurs jum?s?n?n’ predmeti** j?hayat n?zam?n?n’ h’a’reket etiw tu’sinigi, on? ta’rtipke sal?wsh? h’uq?q normalar? bol?p tab?lad?.

**Kurs jum?s?n?n’ du’zilisi.** Jum?s kirisiw, to’rt paragraft? o’z ishine alg’an eki bap, juwmaqlaw h’a’m paydalan?lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat

# I Bap. Jiinayat niizami tu'sinigi ha'm jinayat nizaminin' normalari

## 1.1. Jiinayat niizami tu'sinigi ha'm mazmuni

O'zbekstan Respublikasi Jinayat nizami ma'mleketlik ha'kimiyattin' joqarg'i organnin' jinayiy juwapkershiliktin' uliwma tiykarlarin belgileytug'in, ayirim tu'rdegi jinayatlar ha'm olardi islegen shaxslarg'a qollanilatug'in jazalardi na'zerde tutatug'in huqiqiy normalar jiynag'inan ibarat bolg'an huqiqiy akt bolip tabiladi.

Uliwma huqiq sistemasinda jinayat nizami o'z aldina orin iyeleydi. Ol ja'miyetlik qatnasiqlardi ta'rtipke salip g'ana qoymastan, al olardi huqiqti buziwshilardan qorg'aydi da.

O'zbekstan Respublikasinin' jinayat nizami — jinayat huqiqinin' printsiplerin ha'm uliwma qag'iydalarin, jinayat nizaminin' waziy-palarin, jinayat ha'm onin' belgilerin, jazanin' maqsetin ha'm tu'rlerin, jaza tayinlaw ha'm jazadan azat etiw tiykarlarin belgileydi.

Jinayat nizami mazmuni jag'inan qanday da bir ha'reketti (ma'selen, aldawshiliqti) qadag'an etedi yamasa qanday da bir ha'reket islewge (ma'selen, xizmet waziypalarin orinlawg'a) ma'jbu'rleydi. Sonin' menen birge, nizam tiyisli ma'mleketlik ha'kimiyat organnan ha'm lawazimli shaxstan jinayat nizami qadag'an etken ja'miyetlik qa'wipli ha'reketti islegen yamasa nizam talabin orinlamag'an shaxsti aniqlaw ha'm juwapkershilikke tartiw ma'selesin qoyadi. Jinayat nizami ja'miyetimizdegi bar bolg'an barliq ja'miyetlik qatnasiqlardi ha'r qiyli jinayiy qilmislardan qorg'aydi.

Nizamg'a, sonin' ishinde, jinayat nizamina boysiniw, olardi buljitpay orinlaw puqaraliq huqiqiy ma'mleket quriwda ha'r bir puqaranin' minneti bolip tabiladi. Nizam talaplarinan az g'ana bolsa da shetlew nizamshilig'inizdin' buziliwina, puqaralardin' huqiqlari menen erkinliklerinin', ma'mleket ha'm ja'miyettin' ma'plerinin' buziliwina alip keledi.

Jinayat huqiqindag'i nizam hu'jjetleri barliq nizamlar ushin huqiqiy tiykar bolg'an O'zbekstan Respublikasi Konstitutsiyasinin' printsipleri, uliwma qag'iydalari ha'm statyalari tiykarinda du'zilgen. O'zbekstan Respublikasi Konstitutsiyasinin' 24-statyasinda jasaw huqiqi ha'r bir insannin' ajiralmas huqiqi ekenligi ha'm insannin' o'mirine qastiyanliq etiw en' awir jinayat ekenli gi bekkemlenip qoyilg'an. Konstitutsiyanin' 53-statyasinda bolsa jeke mu'lktin' basqa mu'lik tu'rleri siyaqli qol qatilmaytug'inlig'i ha'm ma'mle-kettin' qorg'awinda ekenligi jazilg'an. O'zbekstan Respub-likasi Konstitutsiyasinin' joqarida ko'rsetilip o'tilgen, sonday-aq, ayirim awir jinayatlarg'a qarsi gu'res ko'zde tutilg'an yamasa jinayat-huqiqiy qorg'awg'a mu'ta'j belgili ja'miyetlik qatnasiqlar ja'miyet ushin ayriqsha a'hmiyetke iye ekenligi tastiyiqlangan a'hmiyetli sha'rtlerdi o'zinde ko'rsetken ja'ne basqa normalardi olardi jinayat nizamina kirgiziw ushin tikkeley huqiqiy tiykar bolip esaplanadi.

O'zbekstan Respublikasi jinayat nizami xaliq araliq huqiqtin' uliwma ta'n aling'an normalarina tiykarlanadi. Sonin' menen bir qatarda O'zbekstan Respublikasi Konstitutsiyasinda xaliq araliq huqiqtin' uliwma ta'n aling'an printsipleri ma'mlekettin' ishki nizamshilig'ina u'stin ekenligi ta'n tanilg'an.

Xaliq araliq huqiqtin' uliwma ta'n aling'an normalari Jinayat kodeksinin' ayirim bo'limleri, baplari ha'm belgili statyalarda tikkeley o'z ko'rinisin tapqan. Atap aytqanda, kodekstin' Arnawli bo'limi de pu'tkil du'nya ta'n alatug'in qa'diriyatlar sistemasin inabatqa alg'an jag'dayda du'zilgen. Ma'selen, «Tinishliq ha'm insaniyattin' qa'wipsizligine qarsi jinayatlar» dep atalg'an VIII bapta uristi u'gitlew (150-statya), agressiya (151-statya), genotsid (153-statya), jallaniw (154-statya) siyaqli jinayatlar ushin jinayiy juwapkershilik belgilengen. Bul bolsa Jinayat kodeksimizge ha'zirgi zaman xaliq araliq huqiqinin' tiykarg'i printsiplerinin' kirgizil-genliginen derek beredi.

Nizam shig'ariwshi organ, yag'niy Oliy Majlistin' ra'smiy hu'jjeti esaplanatug'in Jinayat kodeksine huqiqtin' bul tarawindag'i birden-bir derek da'rejesin beriw, barliq huqiqiy normalardi bir nizamda ja'mlew, olardi sistemaliliq printsipinen kelip shiqqan jag'dayda belgili izbe-izlikte jaylastiriw,

barliq nizamlar haqqinda bir pu’tin ko’z qarasqa iye boliw, huqiqti qollaniwshilardin’ nizam-lardan paydalaniwlari ushin barliq qolayliqlar jaratiw mumkinshiligin beredi.

Jinayat nizami usi huqiq tarawinin’ birden-bir deregi esaplanadi. Basqa hesh bir normativlik hu’jjet, sud pretsidenti, sud qarari, urip-a’detler onin’ deregi bola almaydi.

Jinayat nizami tariyxiy o’zgeriwshi hu’jjet esaplanadi, sebebi ja’miyetlik qatnasiqlar ha’m sotsialliq islep shig’ariwdin’ rawajlanip, o’zgerip bariw protsessinde jinayat nizamina tiyisli o’zgerisler ha’m qosimshalar kirgiziliwin talap etiledi. Bul bolsa o’z gezeginde bul hu’jjettin’ tariyxiy o’zgeriwine sebep boladi.

O’zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksinin’ waziypalari-birinshiden, shaxsti, onin’ huqiqlari menen erkinliklerin, ja’mi-yettin’ ha’m ma’mlekettin’ ma’plerin, insannin’ qa’wipsizligin, jinayiy qol qatiwlardan qorg’awdan; ekinshiden, jinayatlardin’ aldin aliwdan; u’shinshiden, puqaralardi respublika Konstitutsiya-sina ha’m nizamlarina boysiniw ruwxinda ta’rbiyalawdan ibarat.

Jinayat nizaminin’ tiykarg’i waziypasi shaxsti, onin’ huqiqlari menen erkinliklerin, ja’miyettin’ ha’m ma’mlekettin’ ma’plerin, mu’lkti, ta’biyiy ortaliqti, tinishliqti, insaniyattin’ qa’wipsizligin jinayiy qol qatiwlardan qorg’aw bolip tabiladi. Sebebi, bul nizam menen qorg’alatug’in ja’miyetlik qatnasiqlar ha’r qanday demokra-tiyaliq ma’mlekettin’ negizin quraydi. Bul waziypa, yag’niy arnawli ja’miyetlik qatnasiqlardi muwapiqlastiriw qorg’aw mu’na’siybetleri usillarinda a’melge asirilip, bunday qatnasiqlar qadag’an etilgen ja’miyetlik qa’wipli qilmis islengen waqittan baslap payda boladi.

Jinayat nizam bul waziypalardi a’melge asiriw ushin onda juwapkershilik tiykarlarin ha’m printsipleri bekkemlengen ha’m qaysi ja’miyetlik qa’wipli qilmis jinayat ekenligi belgilengen.

Jinayat nizami jazalaw qa’wpi tiykarinda jinayat esaplana-tug’in ja’miyetlik qa’wipli qilmistin’ isleniwin qadag’an etedi. Sonin’ menen bir qatarda, jinayat nizami da qadag’an etiwshi, ha’m ma’jbu’rlewshi esaplanadi.

Jinayat huqiqinin’ normalari eki:

1) eskertiw funktsiyasi;

2) ta’rbiyalaw funktsiyasin orinlaydi.

Eskertiw funktsiyasi jinayat huqiqi normasinda belgilep qoyilg’an sanktsiya arqali islengen qilmis ushin jaza qollaniw menen jinayat islewi mu’mkin bolg’an shaxslardi eskertedi.

Jinayat nizaminin’ funktsiyalari:

1) regulyativ (jinayat-huqiqiy qatnasiqlardi ta’rtipke saladi);

2) negativ (jinayat nizami menen ta’rtipke salinatug’in ma’plerdi qorg’aydi);

3) aksiologiyaliq (jinayat nizami menen qorg’alatug’in obiektlerdi qa’diriyat sipatinda jinayiy qol qatiwlardan qorg’aydi);

4) preventiv (jinayiy qadag’an etiwlerdi ha’m olardi buzg’anlig’i ushin sanktsiyalardi belgileydi).

Jinayat nizami shaxslardi nizam talaplarin so’zsiz tu’rde orinlaw ruwxinda ta’rbiyalaw, jinayat islegen shaxsqa mawasasiz qatnasta boliwg’a bag’darlang’an.

Joqaridag’ilardan kelip shig’ip, jinayat nizaminin’ tiykarg’i belgilerin ko’rsetiw mu’mkin. Sonin’ ishinde:

1) jinayat nizami bul O’zbekstan Respublikasi Konstitutsiya-sina ha’m xaliq araliq huqiq normalari menen printsiplerine tiykarlang’an Joqari nizam shig’ariwshi organnin’ normativlik o’lshem hu’jjeti;

2) jinayat nizaminin’ tiykarg’i belgisi shaxsti, onin’ huqiqlari menen erkinliklerin, ta’biyiy ortaliqti, mu’lkti, ma’mlekettin’ ha’m ja’miyettin’ ma’plerin qorg’awda ko’rinedi;

3) huqiqiy ma’mlekette jinayat nizami ha’kimiyat ta’repinen a’melge asirilip, ja’miyetti salamatlastiriwg’a qaratiladi;

4) jinayat nizami jinayat huqiqinin’ birden-bir deregi bolip, jinayat huqiqinin’ normalari tek jinayat nizaminda ko’rsetiledi, ha’m tek jinayat nizami g’ana qilmistin’ jinayiylig’in ha’m de jazag’a ilayiqlig’in belgileydi.

5) jnayat nizami juwapkershiliktin’ tiykarg’i printsiplerin o’zinde ja’mlestiredi.

6) jinayat nizami ja'miyetlik qa'wipli qilmis (ha'reket yamasa ha'reketsizlik) jinayat ekenligin, bul qilmisqa tayinlanatug'in jaza sharasin yamasa ayirim jag'daylarda olardi jazadan azat etiw sha'rtlerin belgileydi;

7) jinayat nizami turmistin' ja'miyetlik, siyasiy, ekonomikaliq ha'm ideologiyaliq tu'rine baylanisli boladi, bul sharayattin' o'zgeriwi menen jinayat nizami yamasa onin' ayirim normasi nizam shig'ariwshi ta'repinen o'zgertiledi;

8) jinayat nizami eskertiw ha'm puqaralardi nizamg'a boysiniw ruwxinda ta'rbiyalaw funktsiyasin orinlaydi.

## 1.2. O'zbekstan Respublikasinin' Jinayat kodeksi, jinayat nizami normalarinin' du'zilisi.

1994-jil 22-sentyabrde O'zbekstan Respublikasinin' a'meldegi Jinayat kodeksi qabil etildi. Bul Jinayat kodeksi 1959-jili qabil etilip, 1995-jildin' 1-apreline deyin ha'rekette bolg'an Jinayat kodeksinen pu'tkilley ajiralip turadi. Jinayat kodeksi belgili bir sistema tiykarinda du'zilgen bolip, ol eki Uliwma ha'm Arnawli bo'limlerge bo'linedi[2]. Bul eki bo'lim birlikte bir pu'tin tutasliqti qurap, biraq usinin' menen bir waqitta olar o'z normalarinin' ma'nisi mazmunina qaray tu'pkilikli ajiralip turadi.

Uliwma bo'limi jeti bo'lim, on jeti baptan ibarat.

***Birinshi bo'lim*** — «O'zbekstan Respublikasinin' jinayat niza-minin' uliwma qag'iydalari»,- dep atalip, kodekstin' waziypalari, printsipleri, kodekstin' ha'reket etiw shegarasin belgileytug'in birinshi bap ha'm kodekstin' O'zbekstan aymag'inda jinayat islegen shaxslarg'a ha'reket etiwi, kodekstin' O'zbekstan aymag'inan sirtta jinayat islegen shaxslarg'a a'mel etiwi, nizamnin' waqit boyinsha ha'reket etiwin belgileytug'in ekinshi baplardan ibarat.

***Ekinshi bo'lim*** — «Juwapkershiliktin' tiykarlari», jinayat tu'sinigi, jinayatti klassifikatsiyalaw, jinayat ushin juwap-kershilik ha'm onin' tiykarlari, juwapkershilikke tartiliwi lazim bolg'an shaxslar, ayip ha'm onin' tu'rleri,

---

[2] Рустамбаев М.Х. □збекистан Республикаси Жиноят хукуки курси. 1-том. Тошкент: Илм-зиё. – 2011. – Б. 63-67.

jinayatqa qatnasiwshiliq, ta’kirarlap jinayat islew, jinayatlar jiynag’i, retsidiv jinayat tu’sinigin ko’rsetetug’in normalardan ibarat.

***U’shinshi bo’lim*** — «Qilmistin’ jinayiylig’in biykarlawshi jag’-daylar», olardin’ tu’rleri, kem a’hmiyetli qilmislar, za’ru’rli qorg’aniw, aqirg’i za’ru’rlik, ja’miyetlik qa’wipli qilmis islegen shaxsti uslaw waqtinda ziyan keltiriw, buyriq yamasa basqa waziypani orinlaw, ka’sip yamasa xojaliq isi menen baylanisli tiykarli ta’wekelshilik tu’siniklerin ko’rsetetug’in normalardi o’z ishine aladi.

***To’rtinshi bo’lim*** — «Jaza ha’m oni tayinlaw», — jaza tu’sinigi ha’m maqsetleri, jaza sistemasi, jaza tayinlawdin’ uliwma tiykarlari, jazani jen’illestiretug’in ha’m awirlastiratug’in jag’daylar, jen’ilirek jaza tayinlaw, tamam bolmag’an ha’m qatnasiwshiliqta islengen jinayatlar ushin jaza tayinlaw, bir neshe jinayat islegeni ushin jaza tayinlaw, bir neshe hu’kim boyinsha jaza tayinlaw, jazalardi qosiwdi esaplawdin’ qag’iydalari, da’slepki qamaq waqtin esaplaw, jaza mu’ddetlerin esaplaw ta’rtibin belgileytug’in normalardan ibarat.

***Besinshi bo’lim*** — «Juwapkershilik ha’m jazadan azat etiw», — juwapkershilikke tartiw mu’ddetinin’ o’tip ketiwine baylanisli juwapkershilikten azat etiw, qilmis yamasa shaxstin’ ja’miyetlik qa’wipliligin jog’altiwina baylanisli juwapkershilikten azat etiw, ayipkerdin’ o’z qilmisina shin kewilden pushayman boliwina baylanisli juwapkershilikten azat etiw, jarasiwina baylanisli jazadan azat etiw, keselligi sebepli juwapkershilikten azat etiw, amnistiya akti tiykarinda juwapkershilikten azat etiw, jazani orinlaw mu’ddeti o’tip ketiwine baylanisli juwapkershilikten azat etiw, shaxstin’ ja’miyetlik qa’wipliligin jog’altiwina baylanisli juwapkershilikten azat etiw, sha’rtli jaza tayinlaw, jazani o’tewden mu’ddetinen burin sha’rtli azat etiw, jazani jen’illiregi menen almastiriw, kesellik yamasa miynet uqiplilig’in jog’altiwi aqibetinde jazadan azat etiw, sudlang’anliq tu’siniklerin ko’rsetetug’in normalardan ibarat.

***Altinshi bo’lim*** — «Er jetpegenler juwapkershiliginin’ o’zgeshe-likleri», jaza sistemasi, ja’riyma, miynet penen du’zetiw isleri, qamaq, erkinen ayiriw, jaza tayinlaw, ma’jbu’rlew sharalarin qollang’an halda juwapkershilikten yamasa

jazadan azat etiw, ma’jbu’rlew sharalari, jazani o’tewden mu’ddetinen burin sha’rtli azat etiw, jazani jen’iliregi menen almastiriwdan ibarat.

***Jetinshi bo’lim*** — «Meditsinaliq bag’dardag’i ma’jbu’rlew sharalari» - ma’jbu’rlew sharalarinin’ maqsetleri, olardi qollaniwdin’ uliwma tiykarlari, tu’rleri, meditsinaliq bag’dardag’i ma’jbu’rlew sharasin tayinlaw, mu’ddetin soziw, o’zgertiw ha’m biykarlaw, alkogolizm, giyabentlik yamasa za’ha’rleniwge duwshar bolg’an shaxslarg’a qarata meditsinaliq bag’dardag’i sharalardi qollaniwdin’ ta’rtiplerin belgileytug’in normalardan ibarat.

Buringi Awqam da’wirinde jinayat nizaminin’ Uliwma bo’limi siyaqli Arnawli bo’limininin’ ha’m sistemasin tamamlang’an ko’rinistegi teoriyaliq kontseptsiyasi islep shig’ilmag’an bolip, onin’ tiykarg’i sebeplerinen biri jinayat nizamlarinin’ ilimiy tiykarlang’an du’zilisine jeterli diqqat qaratilmawinda edi[1] . Normativlik materiallardi sistemalastiriw mashqalasi usili jag’inan sonin’ ushin da toliq belgili boliwi kerek, ol ha’r qanday ma’mlekettin’ huqiq tarawindag’i sotsial-ekonomikaliq ha’m siyasiy mazmuninin’ tiykarg’i bag’darlarin belgilep beriwde tiykarg’i rol oynaydi. Sebebi huqiqtin’ bul tarawi ja’miyettin’ ekonomikaliq bazasin o’zinde ko’rsetpese de, olardin’ obiektiv baylanislarin, sotsialliq a’hmiyetin o’zinde ko’rsetiwi za’ru’r ha’m bul na’rse huqiqtin’ o’zine ta’n o’zgesheligi bolip tabiladi. Jinayat huqiqi, sonin’ ishinde Jinayat kodeksi Uliwma ha’m Arnawli bo’limlerinin’ ishki u’nlesligin toliq ta’miyinlewge kepillik bolip xizmet etedi. Jinayat kodeksi Arnawli bo’liminde jinayat retinde qaralatug’in belgili bir ja’miyetlik qa’wipli qilmislar (ha’reket yamasa ha’reketsizlik) ha’m olardi islegen shaxslarg’a qollanilatug’in jaza sharalari ko’rsetilgen. Jinayat kodeksinin’ Arnawli bo’limi de belgili bo’limler ha’m baplardan ibarat. Bul bo’liniwlerdin’ tiykarg’i belgisi — olardin’ belgili bir tu’rge tiyisli belgilerine tiyisligi bolip tabiladi. Ha’r bir bapta bir-birine tu’rles qatnasiqlar toparinin’ quramliq bo’limi bolg’an belgili bir ja’miyetlik qatnasiqlarg’a ziyan keltiretug’in barliq jinayatlardin’ toliq dizimin beriw na’zerde tutilg’an. Usi orinda A.S.Yakubovtin’ «Jinayat kodeksinin’ Arnawli bo’limi sistemasin du’ziw ushin arnawli obiekt tiykar boliwi kerek» degen pikiri u’lken a’hmiyetke iye.

Joqaridag'ilardan kelip shig'ip Arnawli bo'limin to'mendegi bo'limlerge bo'lemiz. Sonin' ishinde:

***Birinshi bo'lim*** — «Shaxsqa qarsi jinayatlar». Bul buring'i kodekslerden parqli tu'rde ja'miyetimizde huqiqiy, demokratiyaliq printsiplerin a'melge asiriw jolinda ja'miyet ha'm ma'mlekettin' sotsialliq-ekonomikaliq, siyasiy ha'm ma'deniy turmisinda insan qa'dir-qimbatinin' joqari ko'terilgenliginen derek beredi. Respub-likamiz Jinayat kodeksinin' Arnawli bo'liminde shaxstin' o'miri, den sawlig'i, erkinligi, abiroyi ha'm qa'dir-qimbatina qarsi jinayatlardin' birinshi oring'a qoyiliwi ha'm olar ushin aytarliqtay awir jazalar belgilengenligi O'zbekstan Respub-likasinin' BMSH nin' ag'zasi sipatinda 1948-jili 10-dekabrde qabil etilgen «Insan huqiqinin' onstitutsiyamizdin' 2, 13, 18-statyalarinda ko'rsetilgen normalarg'a, izbe-iz ha'reket etilgenliginin' ayqin ko'rinisi bolip tabiladi. Bul bo'lim to'mendegi: o'mirge qarsi jinayatlar (1-bap), den sawliqqa qarsi jinayatlar(2-bap), o'mir yamasa den sawliq ushin qa'wipli jinayatlar (3-bap), jinisiy erkinlikke qarsi jinayatlar (4-bap), shan'araqqa, jaslarg'a ha'm a'dep-ikramliqqa qarsi jinayatlar (5-bap), shaxstin' erkinligi, abroyi ha'm qa'dir-qimbatina qarsi jinayatlar (6-bap), puqaralardin' konstitutsiyaliq huqiqlari menen erkinliklerine qarsi jinayatlar (7-bap)dan quralg'an.

***ekinshi bo'lim*** — «Tinishliq ha'm qa'wipsizlikke qarsi jinayatlar»-tinishliq ha'm insaniyattin' qa'wipsizligine qarsi jinayatlar (8-bap), O'zbekstan Respublikasina qarsi jinayatlar (9-bap);

***u'shinshi bo'lim*** — «Ekonomika tarawindag'i jinayatlar» bo'limde buring'i Jinayat kodekslerinen ayirmasi u'lken, mu'liktin' barliq tu'rlerine qarsi islengen jinayatlar ushin bir qiyli jaza belgilenetug'in boldi. Bul bo'lim to'mendegi ta'rtipte du'zilgen: o'zgelerdin' mal-mu'lkin talan taraj etiw menen baylanisli jinayatlar (10-bap), o'zgelerdin' mu'lkin talan-taraj etiw menen baylanisli bolmag'an jinayatlar (11-bap), ekonomika tiykarlarina qarsi jinayatlar (12-bap), xojaliq jumisi tarawindag'i jinayatlar (13-bap).

***to'rtinshi bo'lim*** — «Ekologiya tarawindag'i jinayatlar» ushin Jinayat kodeksi Arnawli bo'liminde birinshi ret o'z aldina bir bo'limde juwapkershilik belgilendi.

Buni bolsa Jinayat kodeksinin’ ayriqsha sipat belgisi dew mu’mkin. Bul bo’lim to’mendegi ta’rtipte du’zilgen: qorshag’an ortaliqti qorg’aw ha’m ta’biyattan paydalaniw tarawindag’i jinayatlar (14-bap);

***besinshi bo’lim*** — «Ha’kimiyat, basqariw ha’m ja’ma’a’tlik birlespeler organlarinin’ jumis ta’rtibine qarsi jinayatlar»: basqariw ta’rtibine qarsi jinayatlar (15-bap), a’dil sudlawg’a qarsi jinayatlar (16-bap);

***altinshi bo’lim*** — «Ja’ma’a’tlik qa’wipsizligi ha’m ja’ma’a’tlik ta’rtibine qarsi jinayatlar». Ja’ma’a’tlik qa’wipsizligine qarsi jinayatlar (17-bap), transport ha’reketi ha’m onnan paydalaniw qa’wipsizligine qarsi jinayatlar (18-bap), giyabentlik yaki psixotrop zatlar menen nizamg’a qilap ra’wishte aylanis etiwden ibarat jinayatlar (19-bap), ja’ma’a’tlik ta’rtibine qarsi jinayatlar (20-bap);

***jetinshi bo’lim*** — «A’skeriy xizmetti o’tew ta’rtibine qarsi jinayatlar»: boysiniw ha’m a’skeriy shaxsqa boysiniw ta’rtibine qarsi jinayatlar (21-bap), a’skeriy xizmetti o’tew ta’rtibine qarsi jinayatlar (22-bap), a’skeriy mu’likti saqlaw yamasa onnan paydalaniw ta’rtibine qarsi jinayatlar (23-bap), a’skeriy lawazimliq jinayatlari (24-bap);

***segizinshi bo’lim*** — «Atamalardin’ huqiqiy ma’nisi» degen bo’-limde ayrim kirgizilgen atamalardin’ huqiqiy ma’nisi aship berilgen.

Arnawli bo’limnin’ statyalari «jeke statyalar» dep te ataladi. Sebebi olarda na’zerde tutilg’an jinayat tu’rlerinin’ belgileri ha’m og’an muwapiq jinayat islegen shaxsqa qollanilatug’in jaza sharalari da o’z ko’rinisin tapqan.

Arnawli bo’limnin’ normalari — ja’miyetlik qa’wipli qilmistin’ belgilerin ko’rsetetug’in *dispozitsiya*, jazanin’ tu’ri ha’m o’lshemin belgileytug’in *sanktsiyalardan* ibarat. Dispozitsiyalarda ayirim jinayatlar ha’m usi jinayatlardin’ tu’sinigi beriledi.

Jinayat huqiqiy normalarinda dispozitsiyanin’ to’mendegi to’rt tu’ri: a’piwayi, su’wretlew, blanket ha’m bag’darlawshi dispozitsiya-lardi na’zerde tutadi.

***A’piwayi dispozitsiyada*** jinayat quraminin’ belgileri ko’rsetil-mesten, jinayattin’ uliwma ta’n aling’an ati ko’rsetiledi. Ma’selen, erkinen ayiriw orinlarinan qashiw jinayati (222-statyanin’ 1-bo’limi). Bunday dispozitsiyada

jinayattin' belgileri aship ko'rsetilmeydi. Ayirim waqitlari bunday dispozitsiyalar «ataliwshi dispozitsiya» dep te ataladi.

***Su'wretlew dispozitsiyasinda*** belgili bir jinayat tu'rinin' belgileri ko'rsetiledi. Ma'selen, aldawshiliq jinayatin ko'rsettetug'in 168-statyada jinayattin' ati ko'rsetilmesten, onin' tiykarg'i belgileri de ko'rsetip berilgen: aldawshiliq, yag'niy aldaw yaki isenimge qiyanet etiw joli menen o'zgenin' mu'lkin yamasa mu'liklik huqiqin qolg'a kirgiziw.

***Blanket dispozitsiyada*** belgili bir jinayattin' belgileri basqa huqiq tarawina tiyisli nizamlar yamasa normaliq hu'jjetler tiykarinda aniqlanadi. Ma'selen, Jinayat kodeksi 200-statyasinin' dispozitsiyasi. Onda veterinariya yamasa zootexnika qag'iydalarin buziw, haywanlar yamasa quslardin' epidemiyasi (epizotiyasi) tarqaliwina, olardin' pu'tkilley qirilip ketiwine yaki basqa awir aqibetlerdin' kelip shig'iwina sebep bolsa usi statya menen juwapkershilikke tartiwina tiykar boladi, delingen. Veterinariya ha'm zootexnika qag'iydalari O'zbekstan Respublikasi Oliy Majlisinin' nizamlari ha'm Ministrler Kabinetinin' qararlari yamasa tiyisli ministrliklerdin' ko'rsetpelerinde belgilep qoyiliwi mu'mkin. Jinayattin' obiektiv ta'replerin aniqlawda usi qag'iydalar ko'rsetilgen hu'jjetlerge qaraladi ha'm qaysi qag'iydalar buzilg'ani aniqlanadi. Blanket dispozitsiyasi nizamlardi iqshamlastiriw ha'm a'melde qollaniliwin an'satlastiriwda u'lken a'hmiyetke iye.

***Bag'darlawshi dispozitsiyada*** normanin' mazmunin aniqlaw ushin kodekstin' basqa bir normasina qaraladi. Ma'selen, Jinayat kodeksi 100-statyasinda za'ru'rli qorg'aniw shegarasinan shig'ip, qastan adam o'ltiriw jinayati berilgen. Za'ru'rli qorg'aniw jag'dayin aniqlaw ushin Jinayat kodeksinin' 37-statyasina qaraladi.

***Aralas (kombinatsiyalasqan) dispozitsiya*** dispozitsiyanin' eki yamasa onnanda ko'p elementlerinen ibarat boladi. Ma'selen, Jinayat kodeksi 137-statyasinin' 1-bo'limine muwapiq, usi kodekstin' 245-statyasinda na'zerde tutilg'an belgiler bolmag'an jag'dayda adam urlaw jinayat dep esaplanadi. Bul statyada dispozitsiyanin' ha'm a'piwayi (adam urlaw), ha'm bag'darlawshi (Jinayat

kodeksinin’ 245-statyasinda na’zerde tutilg’an belgiler bolmasa) tu’rleri bar bolg’anlig’i sebepli «aralas» dep ju’rgiziledi[3].

Huqiq teoriyasinda sanktsiyanin’ to’mendegi tu’rleri bar: salistirmali aniq, absolyut aniq, alternativ ha’m bag’darlawshi sanktsiyalar.

O’zbekstan Respublikasinin’ ha’rekettegi Jinayat kodeksinde salistirmali aniq ha’m alternativ sanktsiyalar na’zerde tutilg’an.

Salistirmali aniq sanktsiya — jaza mug’darinin’ aniq shegarasin (bo’legin yamasa en’ to’mengi ha’m en’ joqarg’i bo’legin) tayinlawshi sanktsiya. Ma’selen, Jinayat kodeksin 99-statyasinda ananin’ o’z balasin qastan o’ltirgeni ushin u’sh jilg’a deyin erkinen ayiriw jazasi, qastan adam o’ltirgeni ushin 97-statyanin’ birinshi bo’liminde on jildan on bes jilg’a deyin erkinen ayiriw jazasi belgilengen.

Alternativ sanktsiya — eki yamasa onnan da artiq jaza tu’rlerinen birin qollaniw mu’mkinshiligi bar ekenligin ko’rsetedi. Ma’selen, Jinayat kodeksi 206-statyasinin’ 1-bo’liminde ha’kimiyat yamasa lawazim wa’killigi shegarasinan shetke shig’iw jinayati ushin bes jilg’a deyin belgili huqiqitan ayiriw yamasa u’sh jilg’a deyin miynet penen du’zetiw isleri yaki bes jilg’a deyin erkinen ayiriw jazasi belgilengen. Alternativ sanktsiyanin’ belgileniwi sudyalarg’a shaxstin’ ja’miyetlik qa’wipliligine, qilmistin’ sipatina qarap jazalardan birin tayinlaw mu’mkinshiligin beredi.

Bag’darlawshi sanktsiya — jazanin’ tu’ri ha’m o’lshemin aniqlamastan, kodekstin basqa statyasinin’ sanktsiyasin qollaniw lazimlig’in ko’rsetedi. Ha’rekettegi Jinayat kodeksinde sanktsiyanin’ bul tu’ri joq.

Sanktsiya — Jinayat kodeksi Arnawli bo’liminin’ belgili bir statyasi dispozitsiyasinda na’zerde tutilg’an jinayat ushin belgilengen jaza tu’ri ha’m mug’darin belgileytug’in bo’limi; sanktsiyanin’ awirlig’ina qaray ha’r qiyli jinayatlardin’ ja’miyetlik qa’wiplilik da’rejesin salistiriw mu’mkin.

Absolyut aniq sanktsiyada bir jaza sharasi ko’rsetilgen sanktsiya bolip, onda jazanin’ bir tu’ri ha’m aniq mug’dari ko’rsetiledi. Ko’pshilik ma’mleketlerdin’

---

[3] Уголовное право. Общая часть. Учебник. А.С. Якубов, Р. Кабулов и др. – Тошкент. - Б.94-95.

Jinayat kodekslerinde bul sanktsiya tu'ri joq, sonin' ishinde bizin' Jinayat kodeksimizge de kirgizilmegen.

Kumulyativ sanktsiya tiykarg'i jaza sharasi menen birge qosimsha jinayat huqiqiy ta'sir sharasi da belgilenedi. Ma'selen, O'zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksinin' 266-statyasinda «Transport qurallarinin' ha'reketi yaki olardan paydalaniw qa'wipsizligi qag'iydalarin buziw» ushin belgili huqiqtan ayiriw ha'm de erkinen ayiriw sanktsiyalari belgilengen.

Sanktsiyanin' joqaridag'i tu'rlerinin' belgileniwi sudqa qaysi jaza tu'rin tayinlawdi ha'm onin' mug'darinin' qanday boliwin ko'rsetip beredi. Sanktsiyanin' du'zilisi dispozitsiyasinin' sipatina baylanisli: jinayattin' ja'miyetlik qa'wplilik da'rejesi qanshelli joqari bolsa, jazada sonshelli awir boladi: aniq bir jinayatlardin' ja'miyetlik qa'wipliligi qanshelli joqari bolsa, sanktsiyanin' shegarasi da sonshelli ken' boladi.

Jinayat huqiqiy norma ma'mleket organi arqali ta'miyin-lenetug'in, onin' qag'iydalari buzilg'an jag'daylarda jinayiy juwapkershilikke tartiw ha'm jaza sharasin qollaniwdi payda etetug'in jinayat nizami menen belgilengen ju'ris-turis qag'iydasi bolip tabiladi.

Jinayat-huqiqiy normani jinayat nizaminin' statyasinan pariqlaw tiyis. Jinayat nizaminin' normasi bul— ju'ris-turis qag'iydasi, jinayat nizaminin' statyasi bolsa, bul — onin' ko'rsetiliw formasi. Jinayat huqiqinin' normasi tek jinayat nizami menen belgilenedi, huqiqqa qilapliq qadag'an etilgen ja'miyetlik qa'wipli qilmistin' huqiqiy ko'rinisi esaplanadi.

Jinayat huqiqinin' normasi ba'rhama belgili ju'ris-turis qag'iy-dasin belgileydi: adam o'ltirmew, urliq islemew usag'anlar. Nizamda bul talaplardin' qoyilg'anlig'i shaxslardin' ja'miyetlik turmistag'i ha'r qiyli jag'daylarda qanday ha'reket etiw kerekligin belgileydi.

Jinayat nizaminin' qa'niygelestiriliwi, birinshiden, basqa huqiq tarawlarinan pariqli tu'rde ja'miyetlik qatnasiqlardi qorg'aw arqali ta'rtipke salinadi, ekinshiden, jinayat huqiqi sanktsiyasina muwapiq, basqa huqiq tarawlarinda

bolmag’an juwapkershilik ha’m ma’mlekettin’ ma’jbu’rlew sharasi bolg’an jazani qollanadi.

Jinayat huqiqinin’ normasi barliq puqaralarg’a yamasa belgili topardag’i shaxslarg’a (lawazimli shaxslarg’a, a’skeriy xizmetkerlerge) qollaniladi.

Huqiq normalarina tu’sinik beriw — bul oy pikir protsessi bolip, ol kodekstegi atamalar ha’m ko’rsetpelerdin’ ma’nisin aship beriw tiykarinda jinayatlar huqiq normalarin tu’sindiriwden ibarat. O’zbekstan Respublikasinin’ «Normativlik-huqiqiy hu’jjetler haqqinda»g’i nizaminin’ 31-statyasina muwapiq, normativlik-huqiqiy hu’jjetlerge tu’sinik beriw normativlik- huqiqiy hu’jjette qa’telikler tabilg’an yamasa ol ha’rekette naduris ha’m logikag’a qarsi qollanilg’an jag’daylarda a’melge asiriladi. Tu’sinik beriw barisinda normativlik-huqiqiy hu’jjetlerge du’zetiwler, qosimshalar ha’m aniqlastiriwshi normalardin’ kirgiziliwine jol qoyilmaydi. Nizamlarg’a Konstitutsiyaliq sud, nizam asti hu’jjetlerine bolsa olardi qabil etken organlar ra’smiy tu’sinik beredi.

Nizamdi tu’sindiriwdin’ maqseti nizam talabinan kelip shig’ip, oni aniq tu’sindiriwden ibarat boladi. Jinayat nizamina tu’sinik beriw subiekti, tu’sindiriw usili ha’m tu’sinik beriw ko’lemine muwapiq bir qatar toparlarg’a bo’linedi.

Kodekske tu’sinik beriw subiektine qaray: legal tu’sinik beriw, sud ta’repinen tu’sinik beriw, ilimiy (doktrinal) tu’sinik beriw tu’rlerine bo’linedi.

Legal tu’sinik beriw. Nizamda bunday huqiq berilgen ma’mle-ketlik oragni ta’repinen a’melge asiriladi. Bunday tu’sinik beriw ra’smiy bolip, ma’jbu’riy a’hmiyetke iye. Bul tu’sinik beriw autentik tu’sindiriw dep te ju’rgiziledi. O’zbekstan Respublikasi Konsti-tutsiyasina muwapiq O’zbekstan Respublikasinin’ Konstitutsiyaliq sudi sonday huqiqqa iye bolg’an organ bolip esaplanadi[4]. Nizamg’a tu’sinik beriwdin’ bul tu’ri nizamli ku’shke iye boladi. Bunday tu’sinik beriw jan’a nizamdi payda etpeydi, al ha’rekettegi nizamlardi tu’sindiredi.

Sud ta’repinen yamasa kazual tu’sinik beriw sud ta’repinen aniq bir jinayiy isti qarap shig’iwda a’melge asiriladi ha’m sol is ushin ma’jbu’riy a’hmiyetke iye boladi. Sud ta’repinen nizamg’a tu’sinik beriwge O’zbekstan Respublikasi Joqarg’i

---

4 Ўзбекистан Республикасининг Конституцияси. – Тошкент. 2012. – Б. 30.

Sudi Plenuminin’ nizamlardi qollaniw a’meliyati haqqindag’i qararlarin misal etip keltiriwimiz mu’mkin. Joqarg’i Sudtin’ Plenumi sud isin a’meliyatin u’yreniw ha’m uliwmalastiriw na’tiyjesinde, sonday-aq, sud ma’kemelerinin’, prokuratura ha’m basqa da nizamdi qollanatug’in ma’kemelerdin’ sorawlarina juwap sipatinda ha’m anaw yamasa minaw nizamdi tu’siniw ja’ne qollaniwdin’ durislig’ina tiyisli tu’sinikler beriwge haqili. Bul ko’rsetpeler olardi qollaniwshi organlar ushin ma’jbu’riy esaplanadi. Ma’selen, «Sawda tarawindag’i jinayatlar ha’m basqa da huqiq buziwshiliqlar haqqindag’i isler boyinsha sud isi haqqinda», «Kontrabanda ha’m bajixana qag’iydalarin buziw tuwrali isler boyinsha sud isi haqqinda»g’i O’zbekstan Respublikasi Joqarg’i Sudi Plenuminin’ qararlari da sud tu’sindiriwi esaplanadi. Bul tu’sinik beriw normativlik tu’sinik beriw dep te ju’rgiziledi.

Ilimiy yamasa doktrinal tu’sinik beriw ilimiy orinlar, huqiq taniwshi ilimpazlar, huqiq qorg’aw organlarinin’ xizmetkerleri ta’repinen nizamg’a berilgen tu’sinikler bolip tabiladi. Bul tu’sinik beriw tu’rin biz ilimiy maqalalarda, monografiyalarda ushiratiwimiz mu’mkin. Doktrinal tu’sinik beriw ma’jbu’riy bolmasa da, biraq jinayat nizamin duris tu’siniw ha’m duris qollaniwda u’lken a’hmiyetke iye. Sonin’ menen birge ol nizamshiliqti jetilistiriw, ilimnin’ rawajlaniwin xizmet etedi.

Tu’sinik beriw usilina qaray grammatikaliq (filologiyaliq) tu’sinik beriw, sistemaliq tu’sinik beriw, tariyxiy tu’sinik beriw, logikaliq tu’sinik beriw siyaqli tu’rlerge bo’linedi.

Sistemali tu’sinik beriw nizamnin’ ha’r qiyli normalarin basqa nizamlar menen salistirip ha’m tu’sindiriletug’in normanin’ nizam-shiliq sistemasindag’i, ha’rekettegi jinayat nizamindag’i tutqan orninin’ mazmuni tu’sindiriledi ha’m basqa nizam normalarinan ayirmashilig’i ko’rsetiledi. Ma’selen, islengen jinayat na’tiyjesinde denege awir jaraqat keltirilgen bolsa, qilmisti Jinayat kodeksinin’ qaysi statyasi menen kvalifikatsiyalaw lazimlig’in aniqlaw ushin sistemali tu’sindiriw, yag’niy Jinayat kodeksinin’ 104, 106, 107, 108 ha’m basqa da bir qatar statyalari salistirilip talqilaniwi za’ru’r boladi.

Tariyxiy tu’sinik beriw huqiq normasi qabil etilgen ma’mlekette bar bolg’an sotsialliq, ekonomikaliq, siyasiy jag’day, usi huqiq normasinin’ qabil etiliwine

sebep bolg'an jag'daylardi aniqlawg'a qaratiladi. Bunda ha'rekettegi nizamnin' ma'nisi, tariyxiy jaqtan usi normani islep shig 'iw ha'm qollaniw menen baylanisli mate-riallar tiykarinda, sonday-aq, onin' buring'i ko'rinisleri menen salistiriladi.

Logikaliq tu'sinik beriw. Ha'r qanday tu'sinik beriw logika qag'iydalari tiykarinda a'melge asiriladi.

Jinayat nizaminin' ko'lemine qaray tu'sinik beriw bolsa muwapiq (so'zbe-so'z), ken'eyttirilgen, sheklengen tu'sinik beriw tu'rlerine bo'linedi.

Muwapiq (so'zbe-so'z) tu'sinik beriw, nizamnin' tekstine sa'ykes tu'rde tu'sinik beriw bolip tabiladi, yag'niy normanin' ma'nisi ha'm mazmuni onin' nizamdag'i tekstine sa'ykes tu'rde so'zbe-so'z ko'rsetilgen boliwi kerek.

Ken'eyttirilgen tu'sinik beriwde onin' tekstine qarag'anda, nizamnin' mazmuninin' ken'irek aship beriliwi tu'siniledi. Ma'selen, O'zbekstan Respublikasi Joqarg'i Sudi Plenuminin' «Kontrabanda ha'm bajixana nizamlarin buziw tuwrali isler boyinsha sud isi haqqinda» g'i 1996-jil 27-fevraldag'i 2-sanli qararinda, Jinayat kodeksinin' 246 ha'm 182-statyalari dispozitsiyasinda na'zerde tutilg'an zatlardi, tovar ha'm basqa da qimbat zatlardi bajixana qada-g'alawinan jasirip O'zbekstan Respublikasinin' bajixana shegarasinan nizamsiz tu'rde o'tkeriw degende, olardi qupiya jerlerden ha'm tabiwdi qiyinlastiratug'in usillardan paydalanip yamasa bir tu'rdegi zatqa ekinshisinin' ko'rinisin berip o'tkeriw tu'siniliwi kerekligi ken'irek tu'sindirip o'tilgen.

Shegaralang'an tu'sinik beriw degende nizam tekstine aniq belgilengen ma'nis berilmey, al oni shegaralang'an ma'niste beriw tu'siniledi. Ma'selen, O'zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksinin' 25-statyasindag'i jinayatta qol qatiw qastan islenedi. Biraq qas tuwri ha'm qiya qaslarg'a (Jinayat kodeksinin' 21-statyasi) bo'linedi. Jinayat kodeksinin' 25-statyasinda qastin' aniq tu'ri ko'rsetilmegen. Jinayat huqiqi pa'ni ha'm sud isinde jinayat islewge qol qatiw tek g'ana tuwri qast penen islenetug'in jinayatlarda boladi, dep esaplanadi. Bunda jinayat nizami tekstin shegaralap berip atir.

## II Bap. Jinayat nizaminin’ ha’reket etiw shegarasi.

### 2.1. Jinayat nizaminin’ aymaq boyinsha ha’reket etiwi.

Jinayat nizaminin’ aymaq boyinsha ha’reket etiwi aymaqliq, puqaraliq, universal ha’m aniqliq printsiplerine tiykarlanadi.

Jinayat nizaminin’ aymaq boyinsha ha’reket etiwi haqqindag’i ma’sele u’lken siyasiy a’hmiyetke iye, sebebi bul ma’sele ma’mle-ketimizdin’ g’a’rezsizligi ha’m suveren huqiqi menen tikkeley baylanisli.

Jinayat nizaminin’ aymaq boyinsha ha’reket etiwi Jinayat kodeksinin’ 11-12-statyalarinda berilgen. Jinayat kodeksinin’ 11-statyasinda O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda jinayat islegen shaxslarg’a qollanilatug’in qag’iydalar belgilep berilgen. Og’an muwapiq qilmis:

1) O’zbekstan aymag’inda baslang’an, tamamlang’an yamasa toqtatilg’an bolsa;

2) O’zbekstan aymag’inan sirtta islenip, jinayiy aqibeti O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda juz bergen bolsa;

3) O’zbekstan aymag’inda islenip, jinayiy aqibeti O’zbekstan aymag’inan sirtta ju’z bergen bolsa;

4) bir neshe qilmislardan ibarat yamasa basqa qilmislar menen birlikte islengen bolip, onin’ bir bo’legi O’zbekstan aymag’inda ju’z bergen bolsa, O’zbekstan aymag’inda islengen jinayat dep tabiladi.

O’zbekstan bayrag’i astinda yamasa O’zbekstan portinda dizimge aling’an ten’iz yamasa hawa kemesi O’zbekstan aymag’inan sirtta bolip, sirt el ma’mleketinin’ aymag’i esaplanbaytug’in jerde jinayat islense, bunday jinayat ushin usi kodekske muwapiq juwapkershilikke tartiladi.

Jinayat kodeksinin’ 11-statyasina muwapiq jinayatqa tayarlaniw yamasa qastiyanliq etiw sirt elde a’melge asirilip, O’zbekstan aymag’inda tamamlansa yamasa jinayiy aqibet ju’z berse, jinayat respublika aymag’inda islengen, dep esaplanadi. Usi statyadag’i qag’iydalarg’a muwapiq, eger jinayatqa tayarliq ko’riw, iytermelew, ja’rdem beriw sirt el ma’mleketlerinde islenip, orinlawshi O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda ha’reket etken bolsa yaki kerisinshe, qatna-siwshiliq

O’zbekstan aymag’inda ju’z berip, orinlawshi sirt elde ha’reket etken bolsa, jinayat O’zbekstan aymag’inda islengen bolip esaplanadi.

Eger nizamlar, xaliq araliq sha’rtnamalar yamasa kelisimlerge muwapiq sirt el puqaralarinin’ juwapkershiligi haqqindag’i ma’sele O’zbekstan Respublikasinin’ sudlarina tiyisli bolmasa, olar O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda jinayat islegen jag’dayda xaliq araliq normalarina muwapiq sheshiledi.

Jinayat kodeksinin’ 11-statyasinda ko’rsetilgen **aymaqliq printsipi** soni an’latadi, bul printsip ma’mleket ha’kimiyatinin’ suvere-nitetinen kelip shig’adi ha’m onin’ huqiqta, ayiriqsha, jinayat huqiqinda ko’rinisi bolip esaplanadi. Ma’mlekettin’ suvereniteti ha’m aymaqliq printsipi ma’mleket ha’kimiyatinin’ belgili bir aymaq ko’leminde shegaralang’anlig’in ha’m onin’ nizamlari usi aymaqta g’ana ha’reket etiwin an’latadi. O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda jinayat islegen ha’r bir shaxs onin’ O’zbekstan Respublikasinin’ puqarasi, sirt el puqarasi yamasa puqaralig’i bolmag’an shaxs boliwina qaramastan, O’zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksinin’ tiyisli statyasi menen juwapkershilikke tartiladi. Jer sharinin’ belgili bir bo’leginde O’zbekstannin’ g’a’rezsiz bir aymaqqa iye ekenligi onin’ suveren ma’mleket boliwin ta’miyinleydi. Ma’mlekettin’ aymag’i degende, O’zbekstan suvereniteti astinda bolg’an aymaq tu’siniledi. Bul aymaq qurg’aqliq, suw ha’m hawa jollari shegarasi menen belgilenedi.

O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda diplomatiyaliq ha’m konsulliqlar jaylasqan sirt el ma’mleketindegi aymaqlarda kiredi. Olar jaylasqan aymaq xaliq araliq huqiqtin’ uliwma ta’n aling’an normalarina muwapiq eksterritorial, yag’niy olarda jinayat islense, jergilikli nizamg’a emes, al olar qaysi ma’mleket puqarasi bolsa, sol ma’mlekettin’ milliy nizamshilig’ina tiykarlanip juwapkershilik ma’selesi sheshiledi. Sonin’ ushin da diplomatiyaliq wa’kilxanalar ha’m konsulliq orinlarinda islengen jinayatlar O’zbekstan Respublikasinin’ nizamshilig’i menen juwapkershilikke tartiladi. Respublikada basqa ma’mleketlerdin’ wa’kilxanalarinin’ aymag’inda islengen jinayatlar da solay sheshiledi. Wa’kilxana aymag’i sipatinda tek wa’kilxana imaratlar emes, sonday-aq, usi imarat jaylasqan jer ushastkasi emes, al usi ma’mleket aymag’i yurisdiktsiyasinda immunitetke iye

bolg’an wa’kilxana basliqlari, xizmetkerleri ta’repinen iyelengen jasaw orinlari, olardin’ mashi-nalari da esaplanadi.

Eger jinayat wa’kilxana aymag’i yamasa onin’ xizmetkerlerine qarsi O’zbekstan aymag’inda turip islense, O’zbekstan Respub-likasinin’ aymag’inda islengen, basqa jag’daylarda bolsa basqa ma’mlekettin’ aymag’inda islengen esaplanadi.

**Jer beti shegarasi** xaliq araliq kelisimler menen belgilengen ma’mleketlik shegara bolip tabiladi. Jer beti shegarasina suw menen qorshalmag’an aymaqlar, sonday-aq atawlar kiredi. O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda jasalma tu’rde payda etilgen aymaqlar da, ma’selen, jasalma atawlar, suwda qurilg’an u’y, sonday-aq texnikaliq qurilmalar, ma’selen ko’pirler, suw asti trubalari da jer beti shegarasi esaplanadi. Anklavlar (basqa ma’mleket shegaralari menen to’rt ta’repinen qorshalg’an ha’m ten’izge shig’iw mu’mkin bolmag’an aymaqlar), sonday-aq, qatti haldag’i suw resurslari-muzliqlar da jer beti shegarasi sipatinda ta’n alinadi[5].

**Suw shegarasi** — ma’mlekettin’ aymag’inda suyiqliq halinda bar bolg’an suwlar. Suw shegarasi ishki ha’m aymaqliq suwlarg’a bo’linedi. Jer asti suwlari ha’m mineral suwlar suw shegarasina kirmeydi.

Eger suw (ko’ller, da’ryalar) bir neshe ma’mlekettin’ shegarasi sheklerinde bolsa, ko’ller arnawli shegara belgileri menen, da’ryalar suw ag’isinin’ orta bo’leginen shegaralanadi. Ma’selen, o’zbekstan menen Afganstannin shegarasi a’miwda’ryanin’ uzinina suw ortasi esaplanadi. Ashiq ten’izler ha’m okeanlar hesh bir ma’mlekettin’ aymag’i esaplanbaydi. Ten’izler ha’m okeanlar menen tutasqan ma’mlekettin’ suw shegarasi bolsa xaliq araliq kelisimler menen belgilenedi. O’zbekstan Respublikasinin’ jinayat nizaminin’ ha’reket etiw shegarasi qaysi ma’mlekettin’ aymag’inda boliwina qaramastan, O’zbekstan Respublikasinin’ a’skeriy kemeleri ha’m samolyotlarina da qarata ha’reket etedi. Jinayat nizaminin’ ha’reket etiw shegarasi ashiq ten’izde ju’rgen, a’skeriy bolmag’an kemeler ha’m

[5] Рустамбаев М.Х. □збекистан Республикаси Жиноят ҳуқуки курси. 1-том. Тошкент: Илм-зиё. – 2011. – Б. 70-81.

olardin’ u’stindegi hawa basseynlerinde uship atirg’an samolyotlarg’a da qarata ha’reket etedi.

**Hawa basseyinin** degende qurg’aqliq ha’m suw u’stindegi aymaq tu’siniledi.

Jinayat kodeksinin’ 11-statyasinda belgilengen to’rt jag’day tek o’zinin’ mazmuni jag’inan obiektiv esaplanip qalmastan, al nizamda bul jag’day jinayat qurami belgilerinin’ obiektiv ta’repine qarap belgilengen. Bul elementler tikkeley jinayattin’ obiektiv ta’repin quraydi. Basqa belgiler jinayattin’ islengen aymag’in aniqlawg’a ta’sir ko’rsetpeydi, lekin sud ha’m tergew organlari ta’repinen ko’rip shig’iliwi tiyis.

Jinayat kodeksinin’ 11-statyasi jinayat islengen aymaqti onin’ ko’rinetug’in ha’r qiyli tu’rlerine qarag’anda (jinayatqa tayarliq ko’riw, qastiyanliq etiw, qatnasiwshiliqta jinayat islew) jinayat quramina tiyisli qag’iydalardi aniqlaw imkaniyatin beredi.

Nizamg’a muwapiq, jinayat quramina obiektiv ta’repten tek ja’miyetlik qa’wipli bolg’an qilmislar g’ana kirgiziledi, jinayattin’ aqibeti bolsa, bug’an kirgizilmeydi, sebebi qilmisti yuridikaliq bahalaw ushin kelip shig’atug’in aqibet diqqatqa alinbaydi, belgili bir ja’miyetlik qa’wipli qilmis (ha’reket yamasa ha’reketsizlik) islengen orin jinayattin’ islengen orni esaplanadi.

Jinayat quraminin’ obiektiv ta’repine ja’miyetlik qa’wipli qilmis penen bir qatarda jinayiy aqibetler de kirgiziledi, qag’iydag’a muwapiq, belgili bir ja’miyetlik qa’wipli aqibet ju’z bergen orin qilmis islengen orin dep esaplanadi. Bul qag’iyda O’zbekstan aymag’inan sirtta baslang’an, biraq aqibeti bolsa O’zbekstan aymag’inda ju’z bergen qilmislarg’a baylanisli da qollaniladi.

**Uzaqqa sozilg’an, dawam etken, quramali quramdag’i** jinayat-lardin’ islengen ornin aniqlawda ulken a’hmiyetke iye bolip, olar bir neshe ma’mlekettin’ aymag’inda orinlang’an jag’daylarda payda boladi. Jinayat kodeksinin’ 11-statyasi 2-bo’liminin’ «g» ba’ntine muwapiq, eger O’zbekstan aymag’inda basqa qilmislar menen qosilip yamasa alternativ tu’rde birden-bir quramali jinayatti payda etken ha’reketlerdin’ tek bir bo’legi orinlang’an, baslang’an, tamamlang’an yamasa

toqtatilg’an bolsa, bul jag’dayda jinayat islengen orin O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’i dep esaplaniwi tiyis.

Qatnasiwshiliqta islengen jinayatlardin’ ornin aniqlawda orinlaw-shinin’ jinayiy is-ha’reketin a’melge asirg’an ornin inabatqa aliw kerek. Sol sebepli eger sho’lkemlestiriwshi, qiziqtiriwshi ha’m ja’rdemshiler o’z is-ha’reketin O’zbekstan Respublikasinin’ ayma-g’inan sirtta a’melge asirg’an, a’yne waqtinda orinlawshi belgili jinayat ta’rtibinin’ bir bo’legin yamasa toliq O’zbekstan aymag’inda orinlang’an bolsa, bul jag’dayda bunday jinayattin’ islengen orni O’zbekstan Respublikasi dep tabilip, barliq jinayat qatnasiwshilari O’zbekstan Respublikasinin’ jinayat nizamina muwapiq juwapker bolip esaplanadi. Sho’lkemlestiriwshi, ja’rdemshi o’z waziypalarin O’zbekstannin’ aymag’inda orinlang’an bolsa, biraq orinlawshi jinayatti usi aymaqtan sirtta islegen jag’daylarda da ma’sele tap usinday bolip sheshiledi.

Jinayat kodeksi 11-statyasinin’ 4-bo’limine muwapiq, sonday-aq «Sirt el ma’mleketlerinin’ diplomatiyaliq ha’m konsulliq wa’kilxanalari haqqinda» g’i Nizamg’a muwapiq to’mendegiler jinayat yurisdiktsiyasinan, yag’niy jeke immunitetten paydalanadi ha’m qol qatilmaytug’in bolip esaplanadi:

1) diplomatiyaliq wa’kilxanalardin’ basliqlari (elshi, isenimli wa’kil);

2) ma’sla’hatshi;

3) sawda wa’killeri ha’m olardin’ orinbasarlari;

4) a’skeriy-ten’iz ha’m a’skeriy hawa attasheler;

5) sekretar-arxivariuslar;

6) olardin’ shan’araq ag’zalari ha’m olar menen birge jasawshilar.

O’zbekstan Respublikasinda jinayiy yurisdiktsiyadan sheklengen da’rejede konsulliq xizmetindegi lawazimli shaxslar, diplomatiyaliq wa’kilxanalardin’ xizmetkerleri, sonday-aq, xaliq araliq sho’lkem-lerdin’ wa’killeri ha’m lawazimli shaxslari, parlament ha’m hu’kimet delegatsiyalarinin’ ag’zalari paydalanadi.

Aymaqliq qol qatilmasliq huqiqinan paydalaniwshi shaxslardin’ topari ma’pdar ta’replerdin’ kelisimine muwapiq ken’eytiliwi mu’mkin.

Aymaqliq qol qatilmasliq huqiqi, sonday-aq, diplomatiyaliq wa'kilxanalardin' aymag'i, xizmet ha'm jasaytug'in orinlarina da tiyisli esaplanadi. Biraq bul huqiq diplomatiyaliq wa'killik funktsiyalardin tuwri kelmeytug'in maqsetlerde paydalaniw huqiqin bermeydi.

Jinayat kodeksinin' 12-statyasi jinayat nizaminda na'zerde tutilg'an ***puqaraliq printsipine*** muwapiq, O'zbekstan Respublikasi aymag'inan sirtta jinayat islegen shaxslarg'a qarata ha'reket etiwi belgilengen[6]. O'zbekstan Respublikasinin' «Normativlik huqiqiy hu'jjetler haqqinda»g'i nizaminin' 29-statyasina muwapiq, norma-tivlik-huqiqiy hu'jjetlerdin' ha'reket etiwi O'zbekstan Respub-likasinin' puqaralari menen yuridikaliq shaxslarina, eger O'zbekstan Respublikasinin' xaliq araliq sha'rtnamasinda basqa qag'iyda belgilenbegen bolsa, sonday-aq, O'zbekstan Respublikasinin' ayma-g'indag'i sirt ellerdin' yuridikaliq shaxslarina, sirt el puqaralarina ha'm puqaralig'i bolmag'an shaxslarg'a baylanisli qollaniladi.

Puqaraliq printsipi O'zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksinin' aymaqliq printsipi boyinsha ha'reket etiwin toliqtiriwshi ha'm rawajlandiriwshi printsip bolip esaplanadi.

***Puqaraliq printsipine*** muwapiq, O'zbekstan Respublikasinin' puqaralari yamasa O'zbekstan Respublikasinin' aymag'inda turaqli jasaytug'in puqaralig'i bolmag'an shaxslar respublika aymag'inan sirtta jinayat islegende de O'zbekstan Respublikasinin' Jinayat kodeksi menen juwapkershilikke tartiladi. Bunin' ushin olar sol ma'mleket sudinin' hu'kimi menen juwapkershilikke tartilmag'an boliwi kerek.

Jinayat kodeksinin' 12-statyasinin' 3-bo'liminde jinayat nizaminin' aymaq boyinsha ha'reket etiwi ***universalliq printsipine*** tiykarlaniwi belgilep qoyilg'an. Og'an bola, sirt el puqaralari, sonday-aq, O'zbekstan aymag'inda turaqli jasamaytug'in, puqaralig'i bolmag'an shaxslar O'zbekstan aymag'inan sirtta islegen jinayatlari ushin tek xaliq araliq sha'rtnamalar ha'm kelisimlerde na'zerde

---

[6] Рустамбаев М.Х. □збекистан Республикаси Жиноят ҳуқуки курси. 1-том. Тошкент: Илм-зиё. – 2011. – Б. 82-88.

tutilg’an jag’daylarda g’ana O’zbekstan Respublikasinin’ Jinayat kodeksi boyinsha juwapkershilikke tartiladi.

Jinayat kodeksi 12-statyasinin’ 1-bo’liminde bir qatar sha’rtler bar. Bul sha’rtler puqaraliq printsipinin’ to’mendegi elementlerin ko’rsetedi:

1) o’z aldina belgilengen subiektiv quram;

2) usi printsiptin’ ha’reket etiw aymag’i;

3) jinayiy juwapkershilikke tartiw tiykari;

4) O’zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksine muwapiq juwapkershilikke tartiwdi biykarlawshi jag’daylar.

Puqaraliq printsipinin’ subiektiv quram belgisi jinayat nizaminin’ nizamda ko’rsetilgen shaxslar toparina, yag’niy respublika puqaralari ha’m respublika aymag’inda turaqli jasaytug’in puqaralig’i bolmag’an shaxslarg’a qarata ha’reket etiwin an’latadi.

**O’zbekstan Respublikasinin’ puqarasi** nizamg’a muwapiq O’zbekstan Respublikasinin’ puqarasi degen huqiqiy statusqa (da’rejege) iye bolg’an shaxslar bolip esaplanadi. O’zbekstan Respub-likasinin’ puqaralig’in tastiyiqlaytug’in hu’jjetlerge pasport, pasport alg’ang’a deyin tuwilg’ani haqqindag’i guwaliq kiredi.

**Puqaralig’i bolmag’an shaxslar** O’zbekstan aymag’inda jasay-tug’in bizin’ Respublikamiz puqarasi esaplanbag’an ha’m o’zinin’ basqa ma’mlekettin’ puqarasi ekenligin tastiyiqlaytug’in hu’jjetine iye bolmag’an shaxslar kiredi. Jinayat kodeksinin’ 12-statyasina muwapiq, basqa ma’mlekettin’ aymag’indag’i jinayat islegen ha’r qanday shaxslar emes, al O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda turaqli jasaytug’in puqaralig’i bolmag’an shaxslar jinayiy juwapker-shilikke tartiladi. O’zbekstan Respublikasinin’ aymag’inda turaqli jasaytug’in puqaralig’i bolmag’an shaxslar degenimizde, respublika aymag’inda turaqli jasaw ushin ruxsat berilgen shaxslar tu’siniledi.

Puqaraliq printsipinin’ tag’i bir elementi Jinayat kodeksinin’ aymaqliq printsipi esaplanadi. Puqaraliq printsipi jinayat O’zbekstan Respublikasinan sirtta islengende qollaniladi.

Shaxsti jinayiy juwapkershilikke tartiw tiykari sipatinda ko-dekske muwapiq tek g'ana jinayattin' basqa ma'mleket aymag'inda islen-gen boliwi ko'rsetilgen.

Bul jag'dayda belgili qilmisti jinayat dep esaplaw ushin to'mendegi eki sha'rt talap etiledi:

1) qilmis qaysi ma'mlekette islengen bolsa, shaxstin' usi ma'mlekettin' nizami menen jinayiy juwapkershilikke tartiliwinin' belgilengenligi;

2) bul qilmistin' O'zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksine muwapiq jinayat dep kvalifikatsiya etiliwi.

Jinayat nizaminin' aymaq boyinsha ha'reket etiwinin' ***univer-salliq printsipi*** xaliq araliq jinayatshiliqqa qarsi gu'res za'ru'rliginen kelip shiqqan bolip, onin' mazmuni sonnan ibarat, ha'r bir ma'mleket o'zinin' aymag'inda xaliq araliq kelisimlerde na'zerde tutilg'an jinayatlardi islegen sirt el puqaralarina o'zinin' jinayat nizamin qollaniw huqiqina iye.

Bunnan basqa ma'mleketlerdin' jinayat nizaminda jinayat nizaminin' aymaq boyinsha ha'reket etiwinin' ***aniqliq printsipi*** de bar. Bul printsipke muwapiq qilmis ma'mleket yamasa onin' puqaralarinin' ma'plerine ziyan keltirse, ha'r bir ma'mleket o'z aymag'inan sirtta jinayat islegen sirt el puqaralarina yamasa puqaralig'i bolmag'an shaxslarg'a o'zinin' jinayat nizamin qollanadi.

Eger O'zbekstan Respublikasinin' puqarasi sirt el ma'mleketinin' aymag'inda jinayat islegen bolsa, xaliq araliq kelisim ha'm sha'rtnamalarda basqasha jag'day na'zerde tutilmag'an bolsa, onin' uslap beriliwi mu'mkin emes. Eger xaliq araliq kelisimlerde yamasa sha'rtnamalarda jinayatshilardi uslap beriw na'zerde tutilg'an bolsa, ha'm olarg'a O'zbekstan Respublikasi qosilg'an, bul sha'rtnama Oliy Majlis ta'repinen ratifikatsiya etilgen bolsa, jinayatshi uslap beriliwi mu'mkin. Bul xaliq araliq jinayatshilardi uslap beriw printsipi dep ataladi. Bul printsipke muwapiq, jinayat islegen shaxs jinayat islengen ma'mleketke yamasa jinayat qaratilg'an ma'mle-ketke yaki qaysi ma'mlekettin' puqarasi bolsa, sol ma'mleketke tapsiriladi. Jinayatshilardi uslap beriw (ekstraditsiya) eki ta'repleme (ma'selen, o'z ara huqiqiy ja'rdem haqqindag'i) sha'rtnamalar tiykarinda ta'rtipke salinadi.

## 2.2. Jinayat nizaminin’ waqit boyinsha ha’reket etiwi.

O’zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksinin’ 13-statyasi 1-bo’limine muwapiq qilmistin’ jinayiylig’i ha’m jazag’a ilayiqlig’i usi qilmis islengen waqitta ha’rekette bolg’an nizam menen belgile-nedi. Jinayat nizaminin’ waqit boyinsha ha’reket etiwin duris tayinlaw to’mendegi:

a) nizamnin’ ha’reket etiw waqtin aniqlaw za’ru’rligi;

b)jinayat islengen waqitti aniqlaw kibi sha’rtlerge tiykarlaniwi kerek.

Ha’reketke kirgen ha’m o’z ku’shin jog’altpag’an nizam ha’re-kette dep esaplanadi. Ha’r bir aniq jag’dayda jinayat islengen payitta ha’rekettegi jinayat nizami ku’shine kirgenligin aniqlaw a’hmiyetli orin tutadi.

O’zbekstan Respublikasinda nizam hu’jjetlerin qabil etiw ha’m olardi ku’shine kirgiziw, ha’rekette boliwi O’zbekstan Respub-likasinin’ «Nizam joybarlarin uliwma xaliqliq dodalaw haqqinda»g’i ha’m «Normativlik-huqiqiy hu’jjetler haqqinda»g’i nizamlari menen ta’rtipke salinadi[7].

O’zbekstan Respublikasinin’ «Nizam joybarlarin uliwma xaliqliq dodalaw haqqinda»g’i nizamina muwapiq, nizam joybarlarin uliwma xaliqliq dodalawg’a qoyiw baslamasi nizamshiliq baslamasi huqiqina iye bolg’an organlar ha’m shaxslarg’a, sonday-aq, O’zbekstan Respublikasi Oliy Majlisinin’ komitetleri menen komissiyalarina tiyisli. Usi nizam O’zbekstan Respublikasinin’ Oliy Majlisi ta’repinen qabil etiledi. Nizam joybarlarin uliwma xaliqliq dodalaw ushin «Xalq so‘zi», «Ia?oaioa neoao» gazetalarinda, olardi uliwma xaliqliq dodalawg’a qoyiw haqqindag’i qarar qabil etilgennen keyin on ku’nnen keshiktirilmesten ja’riyalanadi. Olar arnawli baspalarda ha’m g’alaba xabar quralarinda da basiliwi mu’mkin. Nizam joybarin uliwma xaliqliq dodalaw Iqtiyarliliq, ten’lik, ja’riyaliliq, ha’mme ushin ashiq-aydin ha’m erkin pikir bildiriw printsipleri tiykarinda a’melge asiriladi.

---

[7] □збекистан Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2001 й, 1-2 сон, 8-содда, 2004 й. 1-2 сон, 18-модда.

O’zbekistan Respublikasinin’ «Normativlik-huqiqiy hu’jjetler haqqinda»g’i nizamnin’ 26-statyasina muwapiq, «O’zbekstan Respublikasinin’ nizamlari ha’m O’zbekstan Respublikasi Oliy Majlisi qararlari, sonday-aq, jergilikli ma’mleket ha’kimiyati organlarinin’ qararlari, eger hu’jjetlerdin’ o’zinde basqa mu’ddet ko’rsetilgen bolmasa, ra’smiy ja’riyalang’annan son’ on ku’nnen keyin ku’shine kiredi». Normativlik-huqiqiy hu’jjetler ra’smiy baspalarda ja’riyalaniwi kerek. Ha’mmenin’ diqqati ushin ja’riyalan-bag’an nizam tiykarinda hesh kimnin’ sudlaniwi, jazag’a tartiliwi yaki mal-mu’lkinen ayiriliwi mu’mkin emes. O’zbekstan Respublikasi Oliy Majlisinin’ Axborotnomasi, «Xalq so‘zi» gazetalari O’zbekstan Respublikasinin’ Nizamlari, O’zbekstan Respublikasi Oliy Majlisinin’ qararlari, O’zbekstan Respublikasi Prezidentinin’ pa’rmanlari ja’riyalanatug’in ra’smiy derek esaplanadi.

Normativlik-huqiqiy hu’jjet, eger onin’ tekstinde basqa tu’sinik berilmegen bolsa, mu’ddetsiz ha’reket etedi. Nizamnin’ ha’reket etiwinin’ waqitshaliq mu’ddeti pu’tkil hu’jjet ushin yamasa onin’ bo’limleri ushin belgileniwi mu’mkin. Bunday jag’dayda hu’jjet (yamasa onin’ bo’limi) qaysi mu’ddetke yamasa qanday ha’diyse ju’z bergenge deyin o’z ku’shin saqlap qaliwi ko’rsetiliwi za’ru’r.

Normativlik-huqiqiy hu’jjetti qabil etken organ belgilengen mu’ddet tamam bolg’ansha yamasa ha’diyse ju’z bergenge deyin hu’jjettin’ ha’reket etiwin jan’a mu’ddetke, basqa ha’diyse ju’z bergenge deyin soziw haqqinda yaki hu’jjetke mu’ddetsiz tu’s beriw haqqinda qarar qabil etiwi mu’mkin.

Normativlik-huqiqiy hu’jjettin’ (bo’liminin’) ha’reket etiwi to’mendegi jag’daylarda tamamlanadi:

— normativlik-huqiqiy hu’jjet (bo’limi) mo’lsherlengen mu’ddet tamam bolg’anda yamasa ha’diyse baslang’anda;

— normativlik-huqiqiy hu’jjet (bo’limi) nizamda belgilengen ta’rtipte Konstitutsiyag’a muwapiq, dep tabilg’anda;

— normativlik-huqiqiy hu’jjet (bo’limi) o’z ku’shin joyitqan dep tabilg’anda;

— normativlik-huqiqiy hu’jjet (bo’limi) nizamda na’zerde tutilg’an jag’daylarda biykar etilgende.

Jinayat kodeksi 13-statyasinin’ 1-bo’liminde ha’reket yamasa ha’reketsizliktin’ isleniw waqti jinayat tamamlang’an waqit dep esaplang’an bolsa, ja’miyetlik qa’wipli qilmis orinlang’an waqit jinayat islengen waqit, dep tabiladi. Bul qag’iyda ra’smiy quramli jinayatlarg’a baylanisli ha’reket etedi.

Eger Jinayat kodeksi Arnawli bo’liminin’ statyasinda jinayiy aqibet ju’z beriwi menen jinayat tamam bolg’an, dep esaplang’an bolsa, jinayiy aqibet ju’z bergen payit jinayat isleniw waqti, dep tabiladi. Bul qag’iyda bolsa materialliq quramli jinayatlarg’a baylanisli ha’reket etedi.

Uzaqqa sozilg’an jinayatlar (ma’selen, dizertirlik) onin’ toqtatiliwi, yag’niy jinayatshinin’ uslaniwi menen tamam bolg’an esaplanadi.

Dawamli jinayatlar (ma’selen, qa’lbeki hu’jjetten paydalanip bir neshe ret ma’mlekettin’ yamasa ja’ma’a’ttin’ mu’lkin talan-taraj etiw) aqirg’i ret islengen jinayiy ha’reket a’melge asirilg’an waqittan baslap jinayat tamamlang’an esaplanadi. Demek, dawamli jinayatlar ushin juwapkershilik jinayat toqtatilg’an yamasa aqirg’i jinayatlardin’ tamam bolg’an waqitta ha’rekette bolg’an nizam tiykarinda sheshiledi. Qatnasiwshiliqta islengen jinayatlar orinlawshi jinayattin’ obiektiv ta’repin orinlag’an waqitinan baslap tamam-lang’an esaplanadi.

O’zbekstan Respublikasi «Normativlik-huqiqiy hu’jjetler haqqinda»g’i nizamnin’ 27-statyasina muwapiq, normativlik huqiqiy hu’jjetler izge qaytiw ku’shine iye emes ha’m olar ha’reketke kirgizilgennen keyin ju’zege kelgen qatnasiqlarg’a qollaniladi.

## Juwmaqlaw.

Ma’mleketimiz insan ma’pleri, h’uq?q h’a’m erkinlikleri joqar? qa’diryat bolg’an bazar ekonomikas?na tiykarlang’an h’uq?k?y demokratiyal?q ma’mleket h’a’m puqaral?q ja’miyet qur?w jol?nan rawajlan?p barmaqta. O’z na’wbetinde sud-h’uq?q taraw?nda al?p bar?l?p at?rg’an reformalarda insan h’uq?q h’a’m ma’plerin ta’miyinlewge qarat?lg’an.

J?nayat islegen shaxs j?nayat n?zam?na muwap?k j?nay?y juwapkershilikke tart?lad?. J?nayat n?zam?n?n’ h’a’reket etiw shegaras? tu’sinigin an?qlap al?w, on?n’ aymaq h’a’m waq?t boy?nsha h’a’reket etiw ma’selesi o’zine ta’n o’zgesheliklerge iye bol?p, bul boy?nsha ilimiy-teoriyal?q a’debiyatlard? uyrenip to’mendegishe juwmaqlarg’a keldik.

JK 11-statyas? O’zbekistan Respublikas? j?nayat n?zam?n?n’ qollan?w shegaras?n belgileydi.

JK 12-statyas? shegaras?nda, shet elde j?nayat islegen puqarala?g’? ? bolmag’an barl?q shaxslar h’a’m O’zbekistan Respublikas? J?nayat kodeksi tiykar?nda j?nay?y juwapkershilikke tart?lmayd?, olardan tek O’zbekistan Respublikas?nda barqulla jasawsh? shaxslar tart?lad?.

JK 13-statyas? J?nayat kodeksin qollawda waq?t boy?nsha a’mel etiw ta’rtibin uyreniwge bag’?shlang’an bol?p, j?nayatt? kvalifikatsiya q?l?wd? qays? n?zam tiykar?nda is al?p bar?w yaki qays? n?zamd? jetekshi q?l?p al?w kerekligin na’zerde tutad?.

## Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi:

### I. Prezident miynetleri

1.1. Karimov İ.A. Mamlakatimizda demokratik isloh’otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirsh kontseptsiyasi: o’zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining kwshma majlisidagi maruza. 2010 yil 12 noyabr. – T.: «o’zbekiston» NMİU, 2010. – B. 8.

1.2. Karimov İ.A. o’zbekiston mustaqillikka erishish ostonosida. T.: o’zbekiston. 2011. – B. 250-270.

### II. Normativ – huqiqiy derekler:

2.1. o’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi: Wn ikkinchi chaqiriq, o’zbekiston Respublikasi Oliy Kengashining wn birinshi sessiyasida 1992 yil 8 dekabrda qabul kilingan. – T.: «o’zbekiston». – 2012. – B.40.

2.2. Qaraqalpaqstan Respublikas? Konstitutsiyas?. – No’kis. «Qaraqalpaqstan» baspas?. – 2008. – B.40.

2.3. o’zbekiston Respublikasining Jinoyat kodeksi. – Toshkent: o’zbekiston Respublikasi Adliya vazirligi. - 2012. – 388 b.

2.4. o’zbekiston Respublikasi Jinoyat kodeksiga sharh’lar. Umumiy qism. Toshkent: İlm-ziё. 2006. – B. 577-600.

### III. Arnawli a’debiyatlar:

3.1. Rustambaev M. H. Jinayat huqiqi (Uliwma bo’lim). Joqari oqiw orinlari ushin sabaqliq. Nokis, “Bilim” 2008.

3.2. Rustambaev M.X. o’zbekiston Respublikasi Jinoyat h’uquqi kursi. 1-tom. T.: İlm-ziё. – 2011. – B. 6-11.

3.3. Rustambaev M.X. o’zbekiston Respublikasi Jinoyat h’uquqi kursi. 2-tom. T.: İlm-ziё. – 2011. – B. 27-71.